Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 22 (7865)
22 Май
Хамиз 2025 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «САДОВОД»

Туризмалъул сезон

## XIинкъи гьечIолъи букIинабиялъе



Гьал къоязда районалъул бетIерасул зам Хъ-М. ГIабдухаликъовасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана туристазе хIинкъи гьечIолъи букIинабиялде буссараб халгьаби. Аслияб кIвар кьолеб букIана районалде рачIарал туристазе чIезе бакIазул санагIалъаби ва гьезие х1инкъи гьеч1олъи



букIинабиялде.

Хьвадулеб комиссия гIуцIун букIана батIи-батIиял отделазул вакилзабаздасан, балагьана гостиницабазухъ, турбазабазухъ, кафеязухъ ва цогидалги объектазухъ. Халгьабиялда аслияб кIвар кьурал объекталлъун рукIана Рихьуни хIорда аскIоб бугеб хIалхьиялъул зона. ТIоцебесеб иргаялда кIвар буссинабуна объектазул сверул къай букIинабиялде ва цогидалги чиясе зарал ккезе бегьулел рахъазде. К1вар кьуна батIи-батIиял хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъе чIвалел информационниял таблицаби рукIинариялде, гьездасан туристазе хIажатаб информация щвеялдеги.

ВатIан цIуни

## ВатIан цIунула бихьинчияс



Гьал къоязда районалъул бетIерасул кобинеталъуб букIана гIолилал армиялде хъулухъ гьабизе ахIиялде буссраб данделъи. Гьеб бачана администрациялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас, гIахьаллъана районалъул рагъулав комиссар М. Гъапуров, росабазул бутIрул.

Данделъи рагьулаго ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна рагъулав хъулухъ тIубай щивав бихьинчиясул тIаса унареб налъи кколин. Гьес чIванкъотIун тIадчIей гьабуна бихьинчилъун вас гIицIго армиялъ куцалин, гIицIго рагъулаб лъай щвей гуребги чиясе кIвар бугин чорхол сахлъи щулалъиялъул, ай къуватавлъунги моралияб рахъалъ щвалде щваравлъунги гIолилав лъугьунин гIицIго армиялда куцани,-ян бихьизабуна гьес.

Данделъиялда кIвар буссинабуна ярагъ лъазабизе, ккаралъув ватизе чиясулъа кинабго бажаризе кколин.- Гьеб рахъалъ бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе ккола васазда гьоркьосеб. Рагъулаб лъай борхизабулел бакIазде цIализе ани, бачIинахъего гIолилал армиялде ритIуларо, цин гьел хIадурула рагъулал ишазе,-ян бихьизабуна хадубги бетIерас.

## Хъулухъ гьабизе хIадурлъулаго



Унсоколо, ГIашильтIа, ХъахIабросо гIадал районалъул росабалъа гIолохъаби хIадурлъулел руго хехаб рагъулаб хъулухъалъе. Гьедин хIадурарал гIолилал гьанжеялдего рикьун руго Санкт-Петербугалде ва Симферополалде хъулухъалъулал ишазде. Биччанте гьеб заман рагъухъабазе букIине тIадал ишал тIураялъе гIамал-хасият цIубалеблъун, бажари-махщел рукIалиде кколеблъун, лъикIабщинаб гIумроялде бахъинабун жидерго гражданлъиялъулаб махщалие бажари бугеллъун. Биччанте гьезул хъулухъ букIине бигьаяблъун, тIад руссинталих1аблъун.

## Прокурор Маликов провел выездной прием

Прокурор Унцукульского района Маликов А.М. 16.05.2025 провел выездной прием граждан в администрации МО «сельсовет Араканский» Унцукульского района. Заявления граждан касались вопросов обеспечения безопасности дорожного движения, соблюдения требований земельного законодательства и др. По интересующим заявителей вопросам даны исчерпывающие ответы и разъяснения.

Также прокурор района провел встречу с коллективом администрации, где указал необходимость усиления контроля за качеством и своевременностью рассмотрения заявлений граждан.



Спорт

# Нилъер васазул бергьенлъаби



Гьаб соналъул I3 маялда Москваялда букIараб жуба-гъубараб къеркьеялъул (ММА) къецазул чемпионаталда цIакъго лъикIал хIасилал росана нилъер районалъул Рихьуни росулъа МухIамад Шеховас ва ХIажи Шамсудиновас. Жидерго цIайиялда рекъон М. Шайховас рагъулаб искусствалъул махщалил рахъалъ тIоцебесеб бакI ккуна гьениб. Бергьенлъиялъ гьесие бачIана гIицIго чемпионаталъул месед гуребги, нух рагьана Дунялалъулго чемпионаталде, моцIидасан букIине буго гьеб Сочиялда.

Шамсудинов ХIажицаги тIокIлъи бихьизабуна къецазда 3 бакIги ккун. КигIанго захIматал дандечIеял ругеб цересрахъин бугониги гьезда кIвана рагъухъанлъиялъул лъикIал качестваби рихьизаризе. Гьелъ рес щвана Дунялалъулго Чемпионаталде гъорлъе ккезе, гьениб жиндерго улкаги росуги Дунялалдаго машгъур гьабизе.

КIиявго рагъухъанас бихьизабуна ММА тIадегIанаб кIвар буголъиялда гъоркьги лъун, спорталъе бугеб ритIухълъи. Гьединго тренерасулги рукъалъул агьлуялъулги кверчIваялъ асар гьабуна гьезие тIадегIанал хIасилал щвеялъе. Гьанже кIиявго спортсменас тIолабго къуват буссинабун буго Сочиялда букIине бугеб Дунялалъулго Чемпионаталда гIахьаллъизе ва Дагъистаналъул цIар гьенибги рагIизабизе.

# ТIадегIанаб хIасил



Гьал къоязда кIудияб бергьенлъигун тIад вуссана Кавказалъул кубокалъе гIоло рукIарал квержубан рагъул къецаздаса Унсоколо росулъа ХIажиев Лабазан ГъазимухIамадович.

Гьеб бергьенлъиялъулъ аслияб бутIа буго тренер М. ГIабдулаевасулги. Жиндирго бажари ва гьунар гIолев спортсменасул букIинеселъе кьуна гьес.

РакI-ракIалъ баркула Л. ХIажиевасда ва М. ГIабдулаевасда тIадегIанаб бергьенлъи!

Рагъулгун ВатIан бокьиялъул тарбия

# Бергьенлъиялда хадуб бергьенлъи щвеялъе



I4 маялда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасулгун дандчIвай букIана Унсоколо росдал №I гьоркьохъеб школалъул «МахIачал» рагъулгун патриотикияб багъа-бачариялъул чIахIиял классазул командалъулгун. Гьал къоязда гьез Рагъулгун патриотикияб «Зарница 2.0» хIаязул зоналияб этапалда къецазулъ бергьенлъи босана. ДандчIваялъул тадбиралда гIахьаллъана бетIерасул зам. М. ХIамзатов, командаялъул нухмалъулев Н-М. ГIабдулаев, директорасул гIакълучIужу А. МухIамадова, тарбия кьеялъул рахъалъ гIакълучи Р. МухIамадрасулов, учитель Н. ГIабдулаев (УСШ) ва Ж. ЖабрагIилов Рихьуни СОШ.

ДанчIваялда Н-М. ГIабдулаевас рагIаракьанде щун бицана команде регионалияб этапалде хIадурлъиялъул. Гьеб букIине буго гьаб соналъул I5-I8 маялда Хайдакъ районалда. ГIабдулаевас тIадчIей гьабуна тренировкаби тIадегIанаб даражаялда анин, лъикIал хIасилазде анищал гьарулел ругин.

ДандчIваялда лъикIаб хIадурлъиялъухъ шапакъатал кьуна А. ГIабдурахIамановалъе, Н. ГIабдулаевасе ва Ж. ЖабрагIиловасе. Командалъул гIахьалчагIазул гъира борхиялъеги сайгъатал кьуна гьенирго.

Ахиралда ГI. НурмухIамадовас командаялъул гIахьалчагIазе цебе бугеб региолналияб этапалда лъик1ал хIасилалги гьарулаго бихьизабуна гIицIго нужер школа гуребги тIолго районго гIенеккун бугин нужер х1асилазухъ. Гьарана къецазулъ бергьенлъабиги.

Къецал

# Боксалъул рагьараб турнир





Россиялъул Федерациялъул гIорхъаби цIунулаго къеркьолел районалъул гIолилазул хIурматалда гьал къоязда Унсоколо росулъ букIана боксалъул рагьараб турнир. Гьенир гIахьаллъана I93 чиясдасан гIуцIарал I3 команда. Гьоркьоре рачун рукIана республикаялъул районаздасагун шагьараздаса къецазда гIахьаллъизе бокьаралги.

ХIасилал гьарулаго тIоцебесеб бакI ккуна Унсоколо районалъул командаялъ. Гьеб командаялъ бихьизабуна тIадегIанаб даражаялъул хIадурлъи, хIаруцараб къеркьезе бажари, цоцалъ гъункараб коллектив букIин. Команда хадубккун бокьарал къецазда гIахьаллъизе рес бугеблъун рикIкIана гьенибго.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 22 (7865)
Хамиз 22 Май
2025 г

3 гьумер

# Садовод





## Рекомендации по действиям при угрозе возможного совершения террористических актов с применением беспилотных воздушных судов (аппаратов)

Беспилотный летательный аппарат или беспилотное воздушное судно (далее – БВС), является беспилотным авиационным комплексом, отличительной чертой которого является отсутствие пилота на борту. Полёт такого комплекса может функционировать с различной степенью автономии: с помощью устройства дистанционного управления и с помощью системы автоматического пилотирования, функционирующей как на самом устройстве, так и на устройстве мониторинга и управления полётом.



БВС предназначены для выполнения миссий, представляющих существенную опасность для людей. Изначально они создавались предпочтительно для военных целей, но с развитием технологий нашли своё применение и в гражданских сферах.

БВС – это искусственный мобильный объект (летательный аппарат), как правило, многоразового использования, не имеющий на борту экипажа (человека-пилота) и способный самостоятельно целенаправленно перемещаться в воздухе для выполнения различных функций в автономном режиме (с помощью собственной управляющей программы) или посредством дистанционного управления, осуществляемого человеком-оператором со стационарного или мобильного пульта управления.

Памятка
населению при угрозе возможного совершения террористических актов с применением БВС

БВС – воздушное судно, управляемое, контролируемое в полете пилотом, находящимся вне борта такого воздушного судна (внешний пилот). Учитывая возможность совершения террористических актов с использованием БВС, необходимо соблюдать следующие правила.

В случае визуального обнаружения в воздухе БВС, полет которого может сопровождаться характерным звуком двигателя, необходимо:

- если вы находитесь на улице – пройти в ближайшее укрытие (подвал, здание), предупредив других граждан об опасности нахождения людей на открытой местности (организовать оповещение персонала организации);
- если вы находитесь в помещении – отойти от окон;
- оперативно сообщить в территориальное подразделение МВД России по городу (району) по номеру 102, либо по № телефона дежурной части;
- дежурному ЕДДС города (района) (тел. 112, либо по абонентскому № телефона) следующую информацию: свою фамилию, имя, отчество; место обнаружения БВС (с указанием населенного пункта, организации); время обнаружения; количество аппаратов; тип БВС (самолетный или квадрокоптерный); примерное направление, высоту полета (например: направление на север, в сторону населенного пункта или города (наименование) и т.д.) и характер поведения (зависание, барражирование над объектом и т.д.); другую важную информацию.

При внезапном применении противником обычных средств поражения, в том числе с использованием БВС, необходимо следовать основным правилам:

- самое главное не паниковать и действовать в зависимости от обстановки;
- при нахождении на открытой местности, услышав характерный звук летящего БВС, при резком снижении высоты которого, может последовать взрыв, необходимо сразу лечь на землю, закрыть голову руками и приоткрыть рот;
- по возможности использовать ближайшие простые укрытия, в том числе в виде естественных и искусственных углублений на местности, это даст дополнительную защиту.

Необходимо покинуть опасную зону (либо укрыться в тени зданий, деревьев), предупредить о возможной опасности других граждан.

**Запрещается:** находиться в прямой видимости БВС; пытаться сбить его подручными предметами и иными средствами поражения; пользоваться вблизи радиоаппаратурой, мобильными телефонами, устройствами GPS; при падении беспилотника подходить к нему, трогать.

## Унцукульский район на XXV Российской выставке племенных овец и коз



Глава МО «Унцукульский район» Иса Магомедович принял участие в юбилейной XXV Российской выставке племенных овец и коз, которая проходила в городе Каспийск. Это знаковое событие было организовано Министерством сельского хозяйства Российской Федерации и Национальным союзом овцеводов и фермеров. В выставке также приняли участие Глава Республики Дагестан Сергей Меликов и Председатель правительства Абдулмуслим Мухудинович.

На выставке были представлены лучшие образцы племенных овец и коз, что позволило участникам ознакомиться с новыми технологиями и методами ведения сельского хозяйства. Представители различных регионов страны имели возможность не только показать свои достижения, но и получить ценную информацию от коллег и экспертов отрасли. Это инициатива направлена на развитие сельскохозяйственного сектора, что является особенно актуальным в условиях современных вызовов и тенденций.

Участие молодых волонтёров в выставке демонстрирует их заинтересованность в аграрной сфере и желание внести свой вклад в развитие сельского хозяйства.

Выставка в Каспийске, ставшая важной площадкой для обмена знаниями и практическим опытом, подтвердила свою значимость как для профессионалов отрасли, так и для любителей, стремящихся к развитию сельского хозяйства и популяризации сельского образа жизни.

На юбилейной XXV Российской выставке племенных овец и коз в городе Каспийск присутствуют представители сельхозотдела и отдела культуры Унцукульского района. Это важное событие для района, так как выставка помогает продвигать местные традиции и показательные достижения в животноводстве.

Выставка предоставляет уникальную платформу для демонстрации местных изделий, которые представляют собой частичку культуры Унцукульского района. Гости могут увидеть изысканные узоры на изделиях из дерева и другие ремесленные работы, отражающие уникальные культурные особенности района.

Сельхозотдел района демонстрирует качественное поголовье овец и коз, акцентируя внимание на их племенных качествах и пользе для сельского хозяйства.

Отдел культуры активно участвует в выставке, представляя традиционные обряды, фольклорные выступления и мастер-классы, которые знакомят посетителей с богатой культурой Унцукульского района. Это создает атмосферу единства и помогает сохранить наследие для будущих поколений.

Таким образом, участие в выставке не только способствует развитию аграрного сектора, но и укрепляет культурные связи, что важно для сохранения уникальности и самобытности района.

# Аллагьасул нух: хІежалъул тІадегІанлъи

**ХІеж гьаби ккола исламалъул рукнабазул цояблъун. ХІалкІолев чиясда гьеб тІадаб гьечІилан абулев чи исламалдаса ватІалъула. Щайин абуни гьеб тІадаб букІиналъе нугІлъи гьабулеб бугелъул Къуръаналъги, хІадисалъги, ижмагІалъги. Къуръаналда ТІадегІанав Аллагьас абулеб буго: «Аллагьасе гІоло КагІба рукъалде хІеж гьабизе тІадаб буго, нухалъул рахъалъ гьениве ине хІал кІолев чиясда». ХІежалъул хиралъи бицун рачІарал хІадисалги дагьал гьечІо.**

Бухариясги Муслимицаги бицараб кьучІаб хІадисалда буго, хирияв Расуласда гьикъарабила бищун хирияб гІамал щиб бугеб-,абун. Гьес жаваб кьунила Аллагьасде иман лъей бугилан, хадуб хирияб гІамал щиб бугебилан гьикъидал, гьес абунила Аллагьасул нухалда гъазават гьаби бугилан, хадуб гІамал щиб бугебан гьикъидал, гьес абун буго къабулаб хІеж бугилан.

Къабулаб хІежлъун рикІкІуна жинда жаниб гІасилъи, хІарамлъи гьабичІого, вакъарасе квен кьун, мискинасе садакъа кьун, киса-кибего гьуинаб калам бицун, тІубараб хІеж.

Цоги Аллагьасул Расулас (с.т.гІ.в.) абулеб буго: «Щив чи вугониги жинца хІеж гьабун, хІеж гьабулаго къабихІаб, каламги гьабичІони, диналда рекъолареб хІарамаб жоги гьабичІони, гьев чи жиндирго мунагьаздаса эбелалъ гьавураб къоялъ гІадин вацІцІалъула».-ян.

Имам Маликацаги, Бухариясги, Муслимацаги рицарал хІадисазда буго цо гІумроялдаса бахъараб хадусеб гІумроялде щвезегІан ккарал мунагьазе капаратлъун чІола гІумра гьаби,-ян. Къабулаб хІежалъе кьолеб ажру гурони гьечІо.

Аллагь разилъаяв ГІамр бину ГІасида Аварагас (с.т.гІ.в.) абуна: «Я ГІамр, дуда лъаларищ, исламалъ жинда цебехун букІарабщинаб жо биххизабула, гьижраялъги жинда цебехун букІарабщинаб жоги биххизабула, хІежалъги жинда цебехун букІарабщинаб жо биххизабула» (церехун ккарал мунагьал рацІцІулилан абураб магІна ккола гьелъул).

ТІабаранияс бицараб хІадисалда буго, хирияв Аварагасухъе(с.т.гІ.в.) цо чи вачІун, гьес абунила: «дун загІипав, хІинкъулев чи вуго, дида гъазават гьабизе кІоларо»,-абун. Гьеб мехалъ хирияс абунила гуч, къуват хІажалъулареб гъазаваталде (ай хІежалде) рачІайилан.

Аллагь разилъаяв Абу Гьурайратидасан бицана; хирияв Аварагас (с.т.гІ.в.) абунила херал чагІазулги, руччабазулги гъазават хІежги гІумраги гьаби бугилан.

Термизиясги цогидазги ибну МагІсудидасан бицараб хІадисалдаса буго нилъер хирияв Аварагас (с.т.гІ.в.) абунила:»Нужеца хІежги гІумраги цоцада хадуб ккезабе, гьел кІиялъго пакъирлъиги мунагьалги тІаса инабулеб гІадин, къабулаб хІежалъеги батІияб кири гьечІо, алжан гурони»-ян.

Базарица бицараб хІадисалда буго хІажичияс рукъалъул агьлуялдасаункънусго чиясе шафагІат гьабулилан.

Байгъакъиясги ибну ХІаббаницаги бицараб хирияб хІадисалда буго Аварагас (с.т.гІ.в.) абунила, хІажичиясул вараниялъ хІетІе борханщинахъе, квач1 гІодоб лъунщинахъе, гьесие лъикІлъиги хъвала, гьесдаса квешлъиги бацІцІуна, гьесул даражаги тІадегІан гьабула,-ян. Варанияlъул бакІалда чІола жакъасел машинаби-автобусал.

Жибиридасан бицана, Аварагас (с.т.гІ.в.) абунила хІеж гьабулелги гІумра гьабулелги Аллагьасул хасаб къокъа кколин, Аллагьас Жиндихъе ахІун рачІарал, жидеца Гьесдасан гьарулел, гьарараб жо Гьес жиндееги кьолел.

Имам ХІакимица кьучІаб иснадалдалъун Аллагь разилъаяв Абу Гьурайратидасан бицана, Аварагас (с.т.гІ.в.) абунила: «Я дир Аллагь, Дуца хІажичияс мунагьал чурагиян гьарарав чиясулги мунагьал чуре»,-ян. Хириясул гьаб дугІа ТІадегІанас къабул гьабиялда щаклъи гьечІо, гьединлъидал хІажизаби тІад руссараб мехалъ, рекъараб буго, аскІоре ун, мунагьал чуре,-ян дугІа гьабе,-ян гьезда гьаризе.

Абулкъасим Исфагьанияс бицараб хІадисалда буго: «Нужеца гІедегІил гьабе хІеж тІубазе, нужер цонигиясда лъаларо хадуб ккезе бугеб жо.»



Гьаб хІадисалъул пикру гьабизе ккела ресалда ругел, дунялалъул хъулухъалъул яги щолеб бугеб гІарцул хІисабги гьабун, жидецаго хІеж гьаби нахъ бахъулел чагІаз. Гьелдалъун гьесул батІаго дунялалъул боцІиги цІикІкІунаро, гьелъул гІаксалда боцІудаса баракат бахъула. ХІадисалда буго: «Цо лагъас дунялалъул хІажалъиялъе гІоло хІеж нахъ тІамуни, гьеб хІажат тІубаледе гьесда гьелъул баракат гьечІолъи бихьула»-ян.

ХІажичиясул щибаб зикру, тасбихІ. Такбир бачанщинахъе, гьесда рохел бицуниланги буго цо хІадисалда.

ХІежалъул ахиралда буго гьадинаб магІнаялъул калам: «Мун мусжидул хІарамалде къасдги гьабун, рокъоса вахъараб мехалъ, дур вараниялъ хІетІе лъун яги борханщинахъе дуе лъикІлъиги хъвала дудаса квешлъиги бацІцІуна: ТІаваф гьабун хадуса дуца бараб кІиябго ракагІатин абуни АсмагІил наслуялъул лагъ тархъиялда релълъуна, Сафа-Марваялда гьоркьоб сагІю гьабийлан абуни 70 лагъ тархъиялда релъун букІина.

ГІарафа сордоялъ ГІарафа магІардa чІеялъул бицани, гьеб сордоялъ ТІадегІанав Аллагьасул рахІматал гъоркьияб зодоре рештІуна,чІухІун малаикзабаздехун вуссун. Аллагьас абула: «Дир лагъзал кинаниги рикІкІадал сухъмахъаздасан, хІурулги цІун, расги букІкІ-букІкІун. Дир алжаналде хьулги лъун, рачІун руго, гьезул мунагьал ратани, сали рикІкІун, цІадал тІираби рикІкІун, ралъдал полоп рикІкІун, дица гьелщинал гьезул мунагьал чурила; щибаб речІчІараб чІимих рикІкІун, Дица гьезул цо-цо кІудияб мунагь чурила. Къурбан хъвейин абуни, гьеб дур Аллагьасда цебе бугеб хазина ккола, ботІрол рас кІкІвайин абуни, дуе кІкІварабщинаб рас рикІкІун, лъикІлъаби хъвала, гьелда хадуб гьабураб тІавафин абуни, дуца тІаваф гьабила, дуда тІад цониги мунагь теч1ого»,-абун. Гьеб хІадис ТІабараниясги Базарицаги бицана.

Къокъ гьабун абуни; хІеж гьаби ккола бищун лъикІал гІамалаздасан цояблъун, инсан мунагьаздаса вацІцІад гьабулеб жолъун, алжан щолеб гІамаллъун. ХІажичи ХІарамалъул ракьалде щун хадуса, гьес гьабурабщинаб лъикІаб гІамал-как бай букІа, зикру бачин букІа, Къуръан цІали букІа, дугІа гьаби букІа, садакъа кьей букІа, І00 000 бахинабула, ай цоги бакІалда гьабураб І00 000 лъикІаб гІамалги гьеб хирияб ракьалда гьабураб цо гІамалги бащалъула.

ХІеж загьипал чагІазул гъазаватги исламалъул рукнуги ккола, гьелъ мискинлъи тІаса инабула. ХІежалде инаго бахъараб гали рикІкІун, лъикІлъи хъвала, даража борхула, хІажичиясул гьарараб гьари къабул гьабула, гьеб гуребги-цІакъ хиралъи цІикІкІараб жо ккола хІеж гьаби. Амма гІемерисел хІадисаз хІеж гьабиялъул хиралъи бухьинабулеб буго гьеб къабулаб букІиналда, гьебги къабулаб букІуна шаргІалъ тІалаб гьабухъе гьабуни. Масала, эбел-инсул изнуги гьечІого, суннатаб хІеж борхизе лъимал ани, яги росасул изну гьечІого чІужу ани, гьезул хІеж къабуллъуларо. Гьединго кьезе, тІад буссинабизе заман щвараб налъиги тІад букІаго, налъул бетІергьанасул изну гьечІого хІеж борхизе ани, хІеж къабуллъуларо.

ХІежалде унаго дагІба-рагІи, гъибат-бугьтан гІемер гьабулев чиясеги цебехун рехсараб хІежалъул хиралъи щоларо. Суннатаб хІежалде иналдаса рокъов вукІиналдалъун исламалъе буссурбабазеги пайда цІикІкІун гьабизе рес бугони, гьебги рехун тун, суннатаб хІеж гьабизе арав чиясе щоларо хІежалъул камилаб кири. Рукъги бакъун тун суннатаб хІеж гьабизе арав чиясеги хІежалъул камилаб кири щоларо. Цадахъ эмен, вац, вас, рос гІадал цересел гІагарал бихьиналги цадахъ гьечІого суннатаб хІеж борхизе унел руччабазулги хІеж къабуллъуларо. ХІежалде иналъул аслияб мурадлъун цІар, боцІи-гІарац щвей бугев чиясе хІежалъул камилаб кири щоларо.

Аллагьас нужее тавфикъ кьеги къабулаб хІалалда хІеж борхизе! Амин.

Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района
Главный редактор
КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский
район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@
yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 22. 05. 25 г.
15. 00
фактически -17. 20 мин.
.........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1002 экз.